

## BAB V PANUTUP

### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan, katitén aya sababaraha pasualan ngeunaan kamampuh maca warta siswa ngagunakeun média *teleprompter*. Kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Miftahul Iman taun ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun média *teleprompter (pre-test)* kagolong kana katégori kurang pisan, kalawan peunteun rata-ratana 40. Dumasar kana aspék lentong, kamampuh maca warta siswa kana katégori kurang, kalawan rata-rata peunteunna 2,2. Hartina lentong dina macakeun warta masih teu merenah kitu ogé intonasina. Dina aspék wirahma, kamampuh maca warta siswa kagolong kana katégori kurang, kalawan peunteun rata-ratana 2,04. Nalika macakeun warta siswa can bisa nangtukeun anca-gancangna maca, ogé kurang bisa ngatur tarik-alonna sora. Dumasar kana aspék artikulasi, kamampuh maca warta siswa kagolong kana katégori kurang, kalawan peunteun rata-ratana 2,08. Artikulasi siswa dina macakeun warta masih kénéh kurang jelas, sorana kurang kadéngé, jueng can bisa nangtukeun randeganana. Dina aspék ékspresi, kagolong kana katégori kurang pisan, kalawan peunteun rata-ratana 1,56. ékspresi siswa nalika macakeun warta henteu ékspresif, henteu tenang, jeung grogi.

Kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Miftahul Iman taun ajar 2021/2022 sabada ngagunakeun média *teleprompter (post-test)* kagolong kana katégori hadé, kalawan peunteun rata-ratana 73,3. Dumasar kana aspék lentong, kamampuh maca warta siswa kagolong kana katégori sedeng, kalawan rata-rata peunteunna 3,2. Hartina masih aya sababaraha siswa anu lentongna rada kurang béntés tur merenah. Dina aspék wirahma, kamampuh maca warta siswa kagolong kana katégori sedeng, kalawan peunteun rata-ratana 3,6. Wirahma siswa dina macakeun warta geus rada alus anca-gancangna, najan dina ngatur tarik-alonna sora rada kurang. Aspék artikulasi dina kamampuh maca warta siswa kagolong kana katégori sedeng, kalawan peunteun rata-ratana 3,7. Artikulasi siswa dina macakeun warta masih rada kurang jelas, sorana kurang kadéngé, can pati bisa nangtukeun randeganana. Dumasar kana aspék ékspresi, kamampuh maca warta

kagolong kana katégori hadé, kalawan peunteun rata-ratana 4. Dina ékspresi siswa geus bisa ékspresif, henteu grogi jeung henteu tungkul waé kana téks.

Tina hasil panalungtikan di luhur, uji sipat data dilaksanakeun ngalawatan uji *Shapiro-Wilk*, anu meunangkeun hasil *pre-test*  $0,013 < 0,05$ . Hartina  $H_1$  ditarima jeung  $H_0$  ditolak, katitén distribusina teu normal. Tina hasil uji data *post-test* meunangkeun hasil  $0,331 > 0,05$ , ku kituna  $H_0$  ditarima jeung  $H_1$  ditolak. Hartina distribusi datana normal. Sabab data *pre-testna* teu normal ku kituna uji hipotésis dilaksanakeun ngalawatan uji *non-parametric Wilcoxon*. Tina hasilna katitén yén média *teleprompter* méré karonjatan kana kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Miftahul Iman taun ajar 2021/2022. Karonjatan datana kawilang signifikan, peunteun *pre-test* 40 sedengkeun *post-test* 73,3. Dumasar uji Wilcoxon nilai Sig. (Asymp. Sig. 2-tailed) nyaéta 0,00. Sabab nilai signifikansi (Asymp. Sig. 2-tailed) nyaéta  $0,00 < 0,05$ , ku kituna  $H_1$  ditarima atawa  $H_0$  ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara *pre-test* jeung *post-test*. Bisa dicindekeun yén média *teleprompter* bisa ngaronjatkeun kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Miftahul Iman taun ajar 2021/2022.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil, ieu panalungtikan miboga implikasi yém média *teleprompter* bisa ditarima ku siswa. Dipiharep ieu panalungtikan téh bisa numuwuhkeun inovasi ogé kréatifitas guru dina ngagunakeun kacanggihan téknologi jaman kiwari., utamana anu dilarapkeun dina pangajaran. Salian ti éta, ieu média téh bisa jadi stimulus siswa sangkan siswa bisa ngagunakeun ogé ngamangpaatkeun téknologi dina ngarojong kagiatan diajarana. Utamana jaman kiwari nu geus sagala ngagunakeun *smartphone*, dipiharep bisa jadi bahan inspirasi pikeun nyieun karya anu leuwih mangpaat.

Rata-rata siswa di SMP Miftahul Iman sapopoéna ngagunakeun basa Indonésia salaku basa sapopoé, antukna loba pasualan anu karandapan pikeun siswa maca warta dina basa sunda. Sacara lentong, wirahma jeung artikulasi moal bisa sampurna sagemblengna jadi aya penilaian normative anu disaluyukeun jeung kamampuh siswa. Sabada dilarapkeunna média *teleprompter*, aya rangsangan ka siswa sangkan bisa maca warta nu maké basa sunda sanajan loba kekapan nu

Meita Salma Salsabila, 2022

MÉDIA TELEPROMPTER PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

salah. Ku ayana *pre-test* jeung *post-test*, bisa ngukur aspék-aspék kamampuh awal jeung ahir siswa nu satuluyna bisa jadi bahan évaluasi kahareupna.

Ku kamajuan jaman, loba tantangan pikeun ngamumulé basa jeung budaya sunda. Justru dipiharep ku ayana média saperti *teleprompter* bisa jadi cukang lantaran lobana média pangajaran séjén nu bisa ngarojong dina ngamumulé basa ogé budaya sunda.

### 5.3 Rékoméndasi

Aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan keur kahareupna leuwih hadé, saperti ieu di handap.

- a. Média *Teleprompter* dipiharep bisa jadi alternatif pikeun guru dina nepikeun pangajaran maca warta. Kudu aya workshop MGMP basa sunda anu nyelipkeun materi ngeunaan pentingna ngalarapkeun basa jeung budaya sunda kana kamajuan téknologi.
- b. Ku sabab dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. ku kituna perlu diayakeun panalungtikan nu ambahanna leuwih jembar saperti ngagunakeun ékspérimén murni.